

Entèpretasyon

Smartphone
Celular

If you have a laptop/desktop:
Look for the globe and select English or Spanish

Si tiene computador
busque el globo
terráqueo/mundo y escoja
Inglés o Español

OR

English
Spanish

Interpretation Reactions

Mute Stop Video Security Participants Chat Share Screen Polling Record Closed Caption Reactions Interpretation More End

REYINYON KOMINOTÈ SOU INIFIKASYON LEKÒL PHILBRICK-SUMNER

13 jen, 2024
6:30 jiska 8:00 PM

PWOGRAM REYINYON AN

Yon koudèy an aryè sou 2023-2024

- Mizajou sou pwojè oktòb la
- Lansman Ekip Angajman Kominotè a
- Inifikasyon Ekip Planifikasyon yo pou Afè Enklizyon
- Divès Opsyon Pwogram Elèv Miltileng (elèv ki pale divès lang).
- Renominasyon lekòl la (relonmen li)
- Deklarasyon Misyon
- Brèf mizajou sou PFD
- Devlopman kominotè

Yon prèvizyon sou 2024-2025

- Ekip Angajman Kominotè a
- Eleman Lekòl HUB la
- Manm pèsonel lekòl inifye a
- Operasyon yo - Lòt Domèn Konsantrasyon

YON KOUDÈY SOU ANE SKOLÈ 2023- 2024 LA

REKONFIGERASYON EKIP KONSEPSYON AN

- **Rekonfigerasyon Ekip Konsepsyon Lekòl Piblik Boston an**

- De (2) Gwoup Travay - Te kòmanse reyini an janvyè.
 - *Ekip Angajman Kominotè a*
 - Te reyinyi chak 3 semèn pou 1 èd tan
 - *Ekip Afè Akademik ak Pwogram*
 - Te reyini chak semèn pou 30 minit

Divès Reyinyon Kominotè

- Yon total 6 reyinyon kominotè

Objektif ekip la enkli :

Ekip Angajman Kominotè a

Angaje toude kominote lekòl yo
Planifikasyon Pwosesis Anbochaj Dirijan Lekòl yo
Dekri yon pwosesis pou renonmen lekòl la - CM
Ekri yon bwouyon Deklarasyon Misyon lekòl inifye a

Afè Akademik ak Pwogramasyon

Inifikasyon Ekip Planifikasyon yo pou Afè Enklizyon
Pataje opsyon yo pou Elèv Miltileng yo (elèv ki pale
divès lang yo) - CM
Inifikasyon Konsèy Lokal Lekòl yo

MIZAJOU OKTÒB SOU KONSTRIKSYON YO

FAZ 1 – KALANDRIYE PWOJÈ ESPAS TANPORÈ A

- Nou te antisipe konstriksyon an t ap kòmanse nan mitan mwa novanm – **Konplete**
 - **Kafeterya Tanporè I te konplete an janvye 2024**
- Nou te antisipe pifò finisman an – 12 avril, 2023 – **Konplete**
- Nou te antisipe demenajman sal de klas yo pou yo te al nan espas tanporè yo – 15 avril jiska 19 avril, 2024 – **Konplete**
 - **Elèv ak Manm Pèsonèl te kòmanse opere nan Espas Sal de Klas Tanporè yo jou 22 avril, 2024**

INIFIKASYON EKIP PLANIFIKASYON AFÈ ENKLIZYON

Fevriye - Te kòmanse diskisyon sou inifikasyon de (2) Ekip Planifikasyon Afè Enklizyon.

Avril - Te rankontre avèk divès ekip an patikilye pou pale sou inifikasyon Ekip Planifikasyon Afè Enklizyon yo (IPT).

Lekòl Piblik Boston ak Sendika Pwofesè Boston yo ap diskite nan moman sa a pwochèn etap yo pou IPT a nan tout distri a. Sa ap detèmine konpozisyon Ekip IPT inifye a pou inifikasyon lekòl Philbrick ak lekòl Sumner.

IDANTITE LEKÒL LA - RELONMEN LEKÒL LA

Yon reyinyon kominotè
pou lanse pwosesis la e
envite divès sijesyon

**ME
2024**

**Fè gwo piblisite e
asepte sijesyon
pou non yo**

JEN jiska OKTÒB

Ebèje chita-tande SSC a ak
chita-tande direktè a pou
prezante e asepte sijesyon
non yo

**FEN
OKTÒB**

Ebèje chita-tande SSC a
ak chita-tande direktè a
pou vòt yo

FEN NOVANM

**MAS
2024**

Avèk itilizasyon kòmantè
Ekip Angajman Kominotè a,
nou te pataje avèk CET a
yon Bwouyon Pwosesis
Renominasyon Lekòl la pou
divès soumisyon non.

**SEPTANM
2024**

Kominote
Divès evènman
devlopman
kominotè

**MITAN SEPTANM
jiska MITAN OKTÒB**

**Vizite Lekòl yo pou
angajman elèv yo ak
manm pèsònèl yo**

**NOVANM
2024**

Pataje sondaj la
avèk fanmi yo ak
manm pèsònèl yo
pou n redui
sijesyon yo

**DESANM
2024**

Pataje divès
rekòmandasyon bay
Komite Skolè a pou
Diskisyon ak Vòt (De (2)
Reyinyon)

ENVITASYON POU PATISIPE

Tout manm kominotè yo envite pou yo soumèt divès sijesyon pou yon non, **depi nan fen me jiska fen oktòb**, pou prezante yo bay Konsèy Lokal Lekòl konjwen an ak Lidè Lekòl yo e pou yo asepte yo.

Fason pou w sijere yon non :

- Ranpli yon sondaj sou entènèt
 - bit.ly/Phil-Sum-Name
- Nan bwat soumisyon lekòl la
 - [Fòmilè soumisyon](#)
- Evènman konjwen k ap fèt pou rantre skolè a



IDENTITE LEKÒL LA - DEKLARASYON MISYON

- CET a te souliye enpòtans ki genyen pou n defini yon deklarasyon misyon avan lansman pwosesis pou bay lekòl la yon lòt non (pwosesis renominasyon an).
- An avril, nou te kreye ansanm yon deklarasyon misyon.

“Meyè lekòl nan Boston se yon kominote nourisan, divèsifye, ki onore endividyalite e k ap lite pou l kreye yon anviwònman ki an sekirite, kote moun kapab apatèni (kapab yon pati). Nou founi divès eksperyans aprantisaj dinamik ki prepare elèv nou yo pou yo kapab elèv k ap aprann pandan tout rèz vi yo, kiltive panse nan yon fason kritik, e ankouraje divès manm kominotè ki responsab, detèmine, e k ap fè anpil enpak ».

Tip Pwogram nan	Kilès ki antre ladan l ?	Ki eksperyans elèv ki pale divès lang yo fè ?	Ki sa ki objektif final yo ?
Doub lang resipwòk	Moun ki pale angle Moun ki pale lang patnè a	- Ideyalman 6 a 7 lane nan pwogram nan - Alfabetizasyon ak mwaye tout matyè akademik yo ap anseye nan lang patnè a - Ansèyman ESL (Angle kòm Dezyèm Lang) adapte pou doub lang - Divès strateji ansèyman bileng - Pwofesè bileng klas jadendanfan K1 jiska 1ye ane ; divize selon lang nan klas 2yèm jiska 6yèm ane	1) Wo nivo reyisit nan afè lekòl 2) Alfabetizasyon ak konpetans ki anrapò avèk kontni yo (matyè yo) nan lang patnè a ak angle 3) Konpetans sosyo-kiltirèl
Doub lang yon sèl sans	Moun ki pale lang patnè a		
Pwogram SEI Eta a	Moun ki pale angle Moun ki pale tout lang antanke natif natal	- Tout matyè yo an angle - Ansèyman ESL (Angle kòm Dezyèm Lang) - Pwofesè yo ka, oswa ka pa, bileng	Konpetans nan angle
TBE	Moun ki pale lang patnè a	3 a 4 lane nan pwogram nan - Alfabetizasyon nan lang patnè a - Ansèyman ESL (Angle kòm Dezyèm Lang) - Divès strateji ansèyman bileng - Divès pwofesè bileng	Konpetans nan angle (Soti pou antre nan SEI eta a nan Devlopman Lang Angle 2,5)

ANGAJMAN POU DIVÈS OPSYON MILTILENG NAN DISTRI A

Delè yo	Divès Aktivite Kle
Fevriye - Mas	Nou te ofri kat sesyon kominotè ; de (2) te vize fanmi latino yo, pou jwenn dizon fanmi yo
Me - Jen	Lidè lekòl yo ak biwo OMME a kontinye angajman avèk pati enterese yo avèk edikatè yo ak fanmi yo
Jiyè - Out	- Biwo OMME a prepare divès pwopozisyon - Edikatè yo ka kòmanse preparasyon pou andòsman - Planifikasyon avèk lidè lekòl yo
27 septanm	Divès pwopozisyon preliminè pou pwogram yo dwe remèt bay DESE (Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè)
1ye novanm	Desizyon DESE sou Pwopozisyon Final pou pwogram yo pataje lajman pou prepare pou sezon chwa lekòl la

INIFIKASYON KONSÈY LOKAL LEKÒL YO

An kolaborasyon avèk Biwo pou Avansman Fanmi ak Kominote a, nou te deside kenbe konfigerasyon aktyèl SSC yo e ini toude pou yo devni yon pi gwo Ekip SSC pou yon ane pwovizwa.

Nou te rankontre toude SSC yo pou kòmantè.

- Enkyetid konsènan jesyon tan pou abòde afè lekòl patikilye pou ane skolè 2024-2025 lan ak afè lekòl inifye yo pou ane skolè 2025-2026 la.
- Mande pou BPS prepare yon kalandriye pou angajman tan an preparasyon pou eleksyon SSC yo.

Angajman Tan Pwopoze pou SSC a pou ane skolè 2024-2025

Septanm - Eleksyon (Reyinyon Konsèy Paran)

Oktòb - 2 èdtan **Ansanm** - An pèsòn

- **Rezèvasyon Kalandriye 1 èdtan** pou afè lekòl an patikilye
- Chita-tande ansanm pou Renomen Lekòl la - **90 Minit**

Novanm - 2 èdtan **50 - 50** - Vityèl

- Chita-tande ansanm pou Renomen Lekòl la - **90 Minit**

Desanm - 2 èdtan **50-50** - Vityèl

Janvyè - 90 Minit **Ansanm** - An pèsòn

Fevriye - 90 Minit **Ansanm** - Vityèl

- **Rezèvasyon Kalandriye 1 èdtan** pou afè lekòl an patikilye

Mas - 2 èdtan **50-50** - An pèsòn

Avril - **Reyinyon Apa 1 èdtan** - **Vityèl**

Me - 90 Minit **Ansanm** - An pèsòn

Jen - 90 Minit **Ansanm** - An pèsòn

(50-50 Reyinyon - ap reyini ansanm pou premye mwatye a epi apa pou afè lekòl patikilye, dezyèm mwatye a)

PWOJÈ REKONFIGERASYON LEKÒL WASHINGTON IRVING

Tanpri note ke delè sa yo sijè a chanje

**ANTREPRENÈ JENERAL
(KONTRAKTÈ JENERAL)
ÒF LA TE FÈMEN**

Mas, 2024

**KONTRA KONTRAKTÈ
JENERAL LA**

Me, 2024

KONSTRIKSYON

Apeprè
16 mwa

EVÈNMAN DEVLOPMAN KOMINOTÈ NAN FEN ANE A

Mèsi Entèvenan yo (Liyezon avèk Fanmi yo) ak Konsèy Lokal Lekòl yo !

Divès rankont avèk zanmi korespondan

- Yon sal de klas nan chak nivo klas te kòmanse ekri youn lòt an janvyè, anviwon yon fwa pa mwa.
- Semèn sa a elèv yo te reyisi reyini ansanm nan teren Healey Field pou yo rankontre an pèsòn. Elèv yo ak manm pèsònèl yo te kontan anpil pou opòtinite sa a.
- Liyezon Fanmi yo ap kontinye dirije efò sa a pou ane skolè k ap vini an.

Evènman Fanmi nan Fen Ane a

- Konbit Manje Kominotè Plizyè Kilti (Miltikiltirè)
- Fèt lekòl Philbrick-Sumner





YON PREVIZYON SOU ANE SKOLÈ 2024-2025 LAN

EKIP ANGAJMAN KOMINOTÈ

Lendi, 10 jen, nan dènye reyinyon ekip Angajman Kominotè a (CE), manm yo te pataje yon dezi pou gwoup soukomite yo pran divès diferan tach travay.

Sa yo se kèk soukomite potansyèl ki pwopoze :

- Soukomite pou Devlopman Kominotè
- Soukomite pou sit wèb Lekòl la
- Soukomite Idantite Lekòl la (Maskòt, Chante Lekòl la, elatriye)
- Soukomite Mèb ak Ekipman Lakou Rekreyasyon
- Soukomite pou Travay Atizay nan Antre Lekòl la

Ekip Angajman Kominotè a ap reyini chak trimès pou evalye pwogrè yo.

LEKÒL SANT KOMINOTÈ « HUB SCHOOLS »

Lekòl Kominotè Boston yo (Hub School) se yon strateji alontèm pou angaje nan yon fason aktif resous chak kominote pou reyisit elèv yo ak fanmi yo.

Misyon an se pwodui bon rannman akademik e sosyal solid atravè kolaborasyon aktif entansyonèl avèk elèv yo, fanmi yo, ak patnè kominotè yo.

SIS PRATIK KLE

APATENANS : Yon kilti apatenans, sekirite, ak swen.

PATENARYA : Lidèchip kolaboratif ; pouvwa ak vwa pataje.

KOWÒDINASYON : Divès sistèm sipò entegre.

OTONOMISASYON : Angajman elèv ak fanmi ki byen solid.

ANRICHISMAN : Divès opòtinite aprantisaj elaji e ki anrichi.

MOND REYÈL : Ansèyman sal de klas solid ki konekte avèk kominote a.

ANONS SOU INIFIKASYON LEKÒL HUB SCHOOL YO

- 14 Lekòl HUB Kominotè nan BPS.
- N ap ajoute 6 lòt ankò nan ane skolè 2024-2025.
 - Te gen 2 nou te chwazi atravè yon pwosesis seleksyon pami divès fòmilè demann ke kominote skolè a te soumèt.
 - Te gen 4 nou te chwazi kòm pati Nouvo Kontra Ekolojik la (GND) pou Inifikasyon Planifikasyon Imobilizasyon Lekòl Piblik Boston yo.
- Jou 22 me, te gen yon anons ki te fèt nan Komite Skolè a ke lekòl inifye Philbrick-Sumner a t ap devni yon Lekòl Sant Kominotè « HUB School ».

N ap anboche yon **Kowòdinatè Lekòl Hub** nan yon fason kolaboratif pou n kòmanse ane skolè 2024-2025 lan.

Pòs Kowòdinatè Lekòl HUB la afiche epi anbochaj la ap fèt an mwa jiyè.

Toude dirijan lekòl yo ak jesyonè prensipal pwojè a ap jwenn ansanm avèk Ekip Lekòl HUB la pou pwosesis anbochaj la.

ANBOCHAJ POU NOUVO LEKÒL LA

Oktòb

- Se Konsèy Lokal Lekòl la ki vote Soukomite Manm Pèsonèl la (li anboche pòs manm pèsonèl ki vid yo).

Janvye

- Pwosesis Òganizasyon Pwobab Lekòl Piblik Boston an ap idantifye divès ouvèti nan lekòl la.

Fevriye - Anbochaj Direktè

- Kandida direktè ki avanse nan pwosesis evalyasyon tout distri a ap kòmanse divès entèvyou avèk Komite Evalyasyon Direktè a jiskaske yo idantifye direktè nouvo lekòl la.

Mas

- Pòs **pwofesè** ak lòt pòs manm pèsonèl ap afiche sou sit entènèt « TalentEd » nan kòmansman mas, epi Soukomite Manm Pèsonèl la ap anboche manm pèsonèl yo.

Manm Komite Evalyasyon Direktè a

Sipèentandan Lekòl la – PREZIDAN AN

Manm Pwofesè Pati Egal sendika BTU a nan chak kominote skolè – ke Konsèy Lekòl Lokal la (SSC a) chwazi

Yon manm sendika BASAS – ke sendika a chwazi

Reprezantasyon Paran Pati Egal ki sot nan chak kominote skolè – ke Manm Paran SSC a chwazi (youn dwe yon manm Konsèy Lokal Lekòl la oswa Konsèy Paran Lekòl la eli.)

Yon Reprezantan ki sot nan yon òganizasyon patnè – opsyonèl

SIJÈ OPERASYONÈL POU N ABÒDE POU 2025-2026

TRANSPÒTASYON

SÈVIS MANJE AK NITRISYON

TEKNOLOJI

SANTE AK SEKIRITE

MEZI SEKIRITE YO

MÈSI !

Èske w gen kesyon ?